

**Feyè pou pran enfòmasyon preliminè/entèvyou ak pou kontwòl travay ki fèt la**

**Wap bezwen:**

- Pape enfòmasyon enpo tankou W-2, 1099, 1098, 1095.
- Kat Sekirite Sosyal oubyen lèt ITIN pou tout moun ki sou deklarasyon taks ou.
- Pyès idantifikasyon ki gen foto sou li (tankou yon lisans pou kondwi ki valab) pou oumenm ak madanm oubyen mari ou.

- Silvouplè ranpli paj 1-3 nan fòm sa a.
- Se oumenm ki responsab enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo ou. Silvouplè bay enfòmasyon ki konplè epi ki egzak.
- Si ou gen kesyon, silvouplè mande volontè ki prepare deklarasyon enpo ki sètifye nan IRS la.

**Volontè yo resevwa fòmasyon pou yo bay pi bon kalite sèvis ki genyen epi pou mete an pratik pi prensip etik ki pi elve yo.**  
**Pou rapòte nenpòt konpòtman ki pa respekte prensip etik bay IRS, voye yon imèl ba nou nan [wi.voltax@irs.gov](mailto:wi.voltax@irs.gov)**

**Pati I - Enfòmasyon pèsonèl ou** (Si ou ap depoze yon deklarasyon konjwen, silvouplè mete non nou nan menm lòd jan yo parèt nan deklarasyon ane pase a)

1. Prenon ou	Inisyèl dezyèm prenon	Siyati	Nimewo Telefòn Lajounen	Èske ou se sitwayen ameriken? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
2. Prenon mari/madanm ou	Inisyèl dezyèm prenon	Siyati	Nimewo Telefòn Lajounen	Èske mari/madanm ou se sitwayen ameriken? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
3. Adrès kote w resevwa lèt pa lapòs		# Apatman	Vil	Eta
4. Dat nesans ou	5. Tit ou nan travay ou		6. Ane pase, èske ou te:	
			a. Yon etidyan a tan plen	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
			b. Andikape totalman epi pou tout tan	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
			c. Avèg dapre la lwa	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
7. Dat nesans mari/madanm ou	8. Tit mari/madanm ou nan travay li		9. Ane pase, èske mari/madanm ou te:	
			a. Yon etidyan a tan plen	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
			b. Andikape totalman epi pou tout tan	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
			c. Avèg dapre la lwa	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
10. Èske gen nenpòt moun ki kapab mete oubyenm oubyen madanm/mari ou kòm depandan nan deklarasyon enpo sou revni li? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen				
11. Eske oumenm oubyen yon moun nan fanmi ou deja tonbe viktim vòl idantite ki gen rapò avèk taks oubyen eske yo ba ou yon PIN pou Pwoteksyon Idantite? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				

**Pati II. Eta sivil ak enfòmasyon sou tout moun lakay ou**

1. Pou kòmanse a pati dat 31 desanm 2018, kisa ki te eta sivil ou?

Jamè Marye (Sa gen ladan l patenarya konjugal anrejistre, inyon sivil, oubyen lòt relasyon fòmèl anba lwa Eta a)

Marye a. Si repons la se Wi, Èske ou te marye nan ane 2018 la?  Wi  Non

Divòse b. Èske w te viv ak mari/madanm ou pandan peryòd 6 dènye mwa 2018 la?  Wi  Non

Separe devan la lwa Dat dekrè final la \_\_\_\_\_

Vèf/vèv Ane lanmò mari/madanm ou \_\_\_\_\_

2. Nan espas anba a, bay lis non :

- **tout moun** ki te abite avèk ou ane pase (eksepte mari/madanm ou)
- **nenpòt moun** ki te sou responsabilite ou men ki pat abite avèk ou ane pase

Si ou bezwen plis espas, tcheke kazye sa a  epi ekri osinon mete l sou paj 4

**Se Volontè Sètifye ki prepare deklarasyon an ki pou ranpli seksyon sa a**

Non (prenon, siyati) Pa mete non pa w ni non mari/madanm ou nan espas ki pi ba la a.	Dat nesans (mm/jj/aa)	Relasyon moun sa gen ak ou (pa egzanp: pitit gason, pitit fi, paran, pa gen relasyon, eksetera)	Kantite mwa ou te abite lakay ou ane pase	Sitwayen ameriken (wi/non)	Rezidan Etazini, Kanada, oubyen Meksik ane pase (wi/non)	Selibatè oubyen Marye a pati de dat 31/12/2018 (selibatè/ marye)	Etidyan a tan plen ane pase (wi/non)	Andikape totalman epi pou tout tan (wi/non)	Èske moun sa a admisib kòm pitit oubyen fanmi nenpòt lòt moun? (wi/non)	Èske moun sa a te bay plis pase 50% nan pwòp sipò pa li? (wi/non)	Èske moun sa a gen revni ki mwens pase \$4,150? (wi/non)	Èske kontribyab la (yo) te bay plis pase 50% nan sipò pou moun sa a? (wi/non)	Èske kontribyab la (yo) te peye plis pase mwatye nan lajan sa te koute pou mentni yon kay pou moun sa a? (wi/non)
(a)	(b)	(c)	(d)	(e)	(f)	(g)	(h)	(i)					

## Tcheke kazyè ki apwopriye a pou chak kesyon nan chak seksyon

Wi	Non	Pa Konnen	Pati III. Revni –Ane pase, èske ou menm (oubyen mari/madanm ou) te resevwa
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	1. (B) Peman oswa salè? (Fòm W-2) Si ou reponn wi, konbyen djòb ou te genyen ane pase? _____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	2. (A) Revni ki fèt nan poubwa?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	3. (B) Bousdetid? (Fòm W-2, 1098-T)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	4. (B) Enterè/dividand ki fèt nan: kont kouran/kont epay, obligasyon, CD, komisyon? (Fòm 1099-INT, 1099-DIV)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	5. (B) Ranbousman enpo sou revni pou eta /lokalite? (Fòm 1099-G)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	6. (B) Revni pansyon alimantè oubyen peman sou separasyon byen?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	7. (A) Revni ki fèt nan travay endepandan? (Fòm 1099-MISC, kach)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	8. (A) Peman kach/chèk pou nenpòt travay ki fèt men ki pa rapòte sou Fòm W-2 oubyen 1099?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	9. (A) Revni (oswa pèt) nan vann aksyon, bon oswa byen imobilye? (san ou pa bliye kay pa w) (Fòm 1099-S, 1099-B)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	10. (B) Revni pou enkapasite? (pa egzanp peman asirans oubyen asirans pou aksidan nan travay [workers compensation]) (Fòm 1099-R, W-2)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	11. (A) Revni retrèt oubyen peman pansyon, Anwite oubyen IRA? (Fòm 1099-R)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	12. (B) Benefis chomaj? (Fòm 1099-G)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	13. (B) Sekirite Sosyal oswa Railroad Retirement Benefits (Benefis retrèt pou moun ki te travay nan chemendfè)? (Fòm SSA-1099, RRB-1099)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	14. (M) Revni (oubyen lajan pèdi) nan byen ki nan lwaye?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	15. (B) Lòt revni? (jwèt aza, lotri, prim, rekonpans, manm jiri, Sch K-1, peman dwa dotè, revni ki fèt nan peyi etranje e latriye) Bay detay _____

Wi	Non	Pa Konnen	Pati IV. Depans –Ane pase, èske oumenm (oubyen mari/madanm ou) te peye
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	1. (B) Pansyon alimantè oubyen peman sou separasyon byen? Si se wi, èske w gen nimewo sekirite sosyal moun ki te resevwa pansyon/peman yo? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	2. Lajan ou kontribye nan yon kont pou retrèt? <input type="checkbox"/> IRA (A) <input type="checkbox"/> 401K (B) <input type="checkbox"/> Roth IRA (B) <input type="checkbox"/> Lòt
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	3. (B) Depans pou etid nan inivèsite oubyen etid pòst-segondè pou oumenm, mari/madanm ou oubyen depandan yo? (Fòm 1098-T)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	4. (A) Dediksyon: <input type="checkbox"/> Swen medikal ak dantist (ki kapab gen ladan yo prim asirans) <input type="checkbox"/> Enterè Mòtgèdj (Fòm 1098) <input type="checkbox"/> Taks (Eta, Imobilye, Pwopriyete pèsonèl, Taks sou vant) <input type="checkbox"/> Kontribisyon nan zèv charitab
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	5. (B) Depans pou okipe pitit oubyen depandan ou yo, pa egzanp depans pou gadri?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	6. (B) Pou founiti yon anseyan ki kalifye itilize, tankou yon pwofesè, asistan pwofesè, konseye, e latriye?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	7. (A) Depans ki gen rapò ak revni ki fèt nan travay endepandan oswa nenpòt lòt revni ou resevwa?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	8. (B) Enterè sou lajan etidyan prete pou yo ale lekòl? (Fòm 1098-E)

Wi	Non	Pa Konnen	Pati V. Evènman enpòtan –Ane pase, èske ou menm (oubyen mari/madanm ou) te
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	1. (HSA) Gen yon Kont Epay pay pou Swen sante? (Fòm 5498-SA, 1099-SA W-2 ki gen kòd W nan Kazye 12 la)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	2. (A) Te gen yon dèt kat kredi oubyen mòtgèdj yon konpayi ki prete moun lajan te anile/padone oubyen pèdi yon kay nan fòklojè? (Fòm 1099-C, 1099-A)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	3. (A) Adopte yon timoun?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	4. (B) Genyen yon kredi pou revni ki fèt nan travay (EIC), kredi difèt ou gen timoun oubyen yon kredi American Opportunity Credit ki te refize nan yon ane presedan? Si se wi, pou ki ane fiskal? _____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	5. (A) Achte epi enstale atik ki ede ekonomize enèji nan kay ou? (pa egzanp fenèt, fwaye chofaj, izolasyon pou chofaj, e latriye)
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	6. (B) Abite nan yon zòn katastwòf Federal? Si se wi, ki kote? _____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	7. (A) Resevwa Kredi pou moun ki achte kay premye fwa nan ane 2008?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	8. (B) Fè peman taks ou kalkile davans oswa aplike ranbousman ane pase a pou peye taks ane sa a? Si se wi, konbyen lajan? _____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	9. (A) Ranpli yon deklarasyon taks federal pou ane pase ki genyen yon “lajan pèdi sou manman lajan ki rapòte yon lòt lè” sou Fòm 1040 Schedule D?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	10. Resevwa yon lèt ki soti nan IRS?

**Tcheke kazye ki apwopriye a pou chak kestyon nan chak seksyon.**

Wi	Non	Pa Konnen	Pati VI – Kouvèti Swen sante – Ane dènyè, èske ou menm, mari/madanm ou oubyen depandan ou an/yo te
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	1. (B) Gen kouvèti asirans sante
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	2. (B) Resevwa youn oubyen plizyè nan fòm sa yo? (Tcheke kazye a) <input type="checkbox"/> Fòm 1095-B <input type="checkbox"/> Fòm 1095-C
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	3. (A) Jwenn kouvèti asirans sante a travè Marketplace (Exchange)? [Bay Fòm 1095-A]
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	3a. (A) Si repons la se Wi, Èske yo te fè peman kredi pou ede ou peye prim asirans sante ou?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	3b. (A) Si repons la se Wi, Èske tout moun ki gen non li sou lis ou nan Fòm 1095-A se depandan ki anba responsablite ou nan deklarasyon enpo sa a?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	4. (B) Èske Marketplace la bay yon egzanpsyon?

**Se volontè sètifye ki prepare deklarasyon taks yo ki gen pou li ranpli seksyon sa a** (Silvoulè sèvi avèk Piblikasyon 4012 lan epi tcheke kazye ki konvni yo pou endike Kouvèti minimòm esansyèl (Minimum Essential Coverage – MEC) an pou chak moun ki gen non li liste nan deklarasyon enpo an.

Non (Liste depandan yo nan menm lòd kote yo parèt nan Pati II an)	MEC Tout ane an	Pa gen MEC	MEC pou yon pati nan ane an (make mwa kote gen kouvèti)	Egzanpsyon (make mwa yo kote egzansyon an aplikab)	Egzanpsyon pou tout ane a	Nòt
Kontribyab			J F M A M J J O S O N D	J F M A M J J O S O N D		
Mari/Madanm			J F M A M J J O S O N D	J F M A M J J O S O N D		
Depandan			J F M A M J J O S O N D	J F M A M J J O S O N D		
Depandan			J F M A M J J O S O N D	J F M A M J J O S O N D		
Depandan			J F M A M J J O S O N D	J F M A M J J O S O N D		

**Pati VII – Enfòmasyon ak kestyon adisyonèl konsènan preparasyon enpo ou**

- Bay yon adrès imèl (*opsyonèl*) (yo pap itilize adrès imèl sa a pou Depatman Sèvis Enpo sou Revni kontakte w)
- Fon pou Kanpay Elektoral Prezidansyèl (Si ou tcheke yon kazye, ni taks ou ni ranbousman enpo ou pap chanje)  
Tcheke la a si ou menm, oubyen mari/madanm ou ap fè deklarasyon enpo konjwen, vle pou \$3 dola al nan fon sa a  Oumenm  Mari/Madanm ou
- Si nou dwe ranbouse ou lajan, èske ou ta renmen:
  - Depo dirèkt  Wi  Non
  - Achte U.S. Savings Bonds (Obligasyon epay nan Etazini)  Wi  Non
  - Distribye ranbousman an ant plizyè kont  Wi  Non
- Si ou dwe lajan, èske ou ta renmen peman an soti dirèkteman nan kontanbank ou?  Wi  Non

**Gen anpil kote ki prepare deklarasyon enpo sou revni ki resevwa lajan sibvansyon pou fè travay sa a. Done ki nan kestyon ki make pi ba yo kapab sèvi nan sit sa a pou fè demand pou kalite sibvansyon sa yo. Repons sa a kapab itilize enfòmasyon ki nan kestyon sa yo pou li fè aplikasyon pou sibvansyon. Repons ou bay yo ap sèvi pou kalkil statistik sèlman.**

- Èske ou ta di ou kapab e konprann e pale pou ou fè yon konvèsasyon ann angle?  Trè byen  Byen  Pa byen  Pa ditou  Mwen prefere pa reponn
- Èske ou ta di ou kapab li yon jounal oubyen yon liv ann angle?  Trè byen  Byen  Pa byen  Pa ditou  Mwen prefere pa reponn
- Èske ou menm oubyen yon moun lakay ou gen yon andikap?  Wi  Non  Prefere pa reponn
- Èske ou menm oubyen mari/madanm ou se yon Veteran nan Fòs Ame Etazini?  Wi  Non  Prefere pa reponn

Kòmantè adisyonèl

**Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl ak Avi konsènan Lalwa sou Rediksyon Kantite Travay ki fèt sou Papyè**

Lwa 1974 sou respè lavi prive an egzije pou lè nou mande ou enfòmasyon se pou nou di ou dwa w anba lalwa pou ou mande ki enfòmasyon, poukisa nap mande li, epi kijan yo pral sèvi avè l. Se pou nou di ou tou kisa ki kapab rive si nou pa resevwa enfòmasyon an, epi si repons ou an fakiltatif, si li egzijib pou ou resevwa yon benefis, oubyen si li obligatwa. Dwa legal nou genyen pou mande enfòmasyon an se 5 U.S.C. 301. Nou mande enfòmasyon sa a pou ede nou kontakte ou konsènan enterè ou epi/oubyen patisipasyon ou nan pwogram volontè ki fè preparasyon deklarasyon enpo epi pwogram aktivite kominotè nan IRS. Nou kapab voye enfòmasyon ou ba nou yo bay lòt òganizasyon ki kowòdone aktivite epi dotasyon volontè nan sit kote yo prepare deklarasyon enpo oubyen dotasyon pou aktivite kominotè. Nou ka itilize enfòmasyon an tou pou etabli kontwòl efikas, voye korespondans epi rekonèt volontè yo. Repons ou se yon bagay ki volontè. Sepandan, si ou pa bay enfòmasyon nou mande a, sa posib pou IRS pa kapab itilize asistans ou nan pwogram sa yo. Lwa an sou Rediksyon Kantite Travay ki fèt sou Papyè egzije pou IRS afiche yon nimewo kontwòl OMB sou tout demand pou enfòmasyon piblik. Nimewo Kontwòl OMB pou etid sa a se 1545-1964. Epitou, si ou gen nenpòt kòmantè konsènan estimasyon kantite tan sa dwe pran nan etid sa a oubyen si ou gen sijestyon sou kèk fason pou rann pwosesis sa a pi senp, silvoulè ekri Internal Revenue Service, Tax Products Coordinating Committee, SE:W:CAR:MP:T:T:SP, 1111 Constitution Ave. NW, Washington, DC 20224

## Konsantman pou Divilge Enfòmasyon sou Deklarasyon Enpo bay Sit Preparasyon Enpo

### Divilgasyon Federal:

Lwa federal la mande pou yo ba w fòmilè konsantman sa a. Sof si lalwa otorize sa, nou pa ka divilge enfòmasyon sou deklarasyon enpo w yo bay tyès pati yo pou okenn lòt rezon ke pou preparasyon ak soumisyon deklarasyon enpo w la san konsantman w. Si w dakò pou yo divilge enfòmasyon sou deklarasyon enpo w la, lwa Federal la ka pa pwoteje enfòmasyon sou deklarasyon enpo w la kont itilizasyon oswa distribisyon alavni.

Ou pa oblije ranpli fòmilè sa a pou w anboche sèvis preparasyon deklarasyon enpo nou yo. Si ou siyen fòmilè sa a akòz nou mete sèvis preparasyon deklarasyon enpo nou yo kòm kondisyon pou nou jwenn konsantman w, konsantman w lan p ap valab. Si w dakò pou yo divilge enfòmasyon sou deklarasyon enpo w la, konsantman w lan ap valab pou kantite tan ou presize a. Si w pa presize dire konsantman w lan, konsantman w lan ap valab pou yon ane apati dat ou te siyen an.

### Kondisyon:

Global Carry Forward ki gen done yo pèmèt TaxSlayer LLC, ki se founisè lojisyèl enpo VITA/TCE a, pou mete enfòmasyon sou deklarasyon enpo w yo disponib sou NENPÒT sit volontè ki patisipe nan pwogram VITA/TCE IRS la ke w chwazi pou prepare yon deklarasyon enpo nan pwochen sezon soumisyon an. Sa vle di lòt ane w ap kapab ale sou nenpòt sit volontè k ap itilize TaxSlayer epi w ap jwenn enfòmasyon enpo w yo tou anrejistre avèk done pou ane aktyèl la, kèlkeswa kote w te soumèt deklarasyon enpo w la nan ane sa a. Konsantman sa a valab jiska 14 novanm 2020.

Enfòmasyon sou deklarasyon enpo w yo pral divilge yo gen ladan yo, men pa sèlman, enfòmasyon demografik, finansye ak lòt enfòmasyon ki ka idantifye w, deklarasyon enpo w la ak sous revni w yo, ke yo te mete nan lojisyèl pou preparasyon enpo a pou yo te kapab trete preparasyon deklarasyon enpo w la. Enfòmasyon sa yo gen ladan yo non w, adrès ou, dat nesans ou, nimewo telefòn ou, SSN, estati soumisyon w lan, pwofesyon w, non patwon w ak adrès li, ansanm ak montan ak sous revni, dediksyon ak kredi ke yo te reklame nan deklarasyon enpo w la oswa ki enkli nan deklarasyon enpo w la. Enfòmasyon sou deklarasyon enpo ke yo pral divilge a gen ladan l tou, SSN, dat nesans ak relasyon w genyen ak nenpòt moun ki sou responsablite w ke yo te reklame nan deklarasyon enpo w la.

Ou pa bezwen bay konsantman pou patnè VITA/TCE k ap prepare deklarasyon enpo w la ane sa a. Global Carry Forward pral ede w sèlman si w vizite yon lòt patnè VITA oswa patnè TCE ane pwochen.

*Limit sou Dire Konsantman an:* Mwen/nou, kontribyab la, pa vle limite dire konsantman divilgasyon enfòmasyon sou deklarasyon enpo a nan yon dat ki pi bonè pase dat ki dekri anlè a (14 novanm 2020). Si mwen/nou vle limite dire konsantman divilgasyon an nan yon dat ki pi bonè, mwen/nou ap refize bay konsantman.

*Limit sou sa Konsantman an Kouvri:* Mwen/nou, kontribyab la, pa vle limite sa konsantman divilgasyon enfòmasyon sou deklarasyon enpo a kouvri plis pase sa ki prezante pi wo a. Si mwen/nou limite sa konsantman divilgasyon an kouvri plis pase sa ki prezante pi wo a, mwen/nou ap refize bay konsantman.

### Konsantman:

Mwen/nou, kontribyab la, te li enfòmasyon ki anlè a.

Mwen/nou nan fòmilè sa a dakò pou yo divilge enfòmasyon sou deklarasyon enpo ki dekri nan kondisyon Global Carry Forward ki anlè a epi pèmèt moun k ap prepare deklarasyon enpo a antre yon PIN nan lojisyèl pou preparasyon enpo a sou non mwen pou verifiye ke mwen/nou dakò ak kondisyon sou divilgasyon sa a.

Siyati kontribyab prensipal	Dat
Siyati kontribyab adjwen	Dat

Si w kwè ke yo te divilge oswa itilize enfòmasyon sou deklarasyon enpo w la enjisteman nan yon fason lalwa pa otorize oswa san konsantman w, ou kapab kontakte Treasury Inspector General for Tax Administration [Enspèkte Jeneral Trezò a pou Administrasyon Enpo] (TIGTA) nan telefòn nan 1-800-366-4484, oswa voye plent ou nan imèl nan [complaints@tigta.treas.gov](mailto:complaints@tigta.treas.gov).